



# Apre yon Dyagnostik Kansè Kolorektal

Si doktè te fè ou konnen ou gen kansè kolon oswa rektal, ou pètèt te deja fè yon kolonoskopi kèk lòt eskanografi, ak yon byopsi (yon tès kote doktè a pran yon tisi pou tcheke pou kansè). Ou te ka fè kèk lòt tès sou selil kansè pou tcheke pou sèten pwoteyin ak chanjman nan jèn. Ou ta gen plis eskanografi oswa lòt pwosedi tou pou chèche konnen si kansè a simaye. Tès sa yo ap ede doktè ou konnen ki kalite kansè kolorektal ou genyen, nan ki etap li ye, epi ki tretman ki ta ka ede ou.

Gen anpil fason pou trete kansè kolorektal, tankou operasyon, radyo-terapi ak medikaman tankou kimyo, terapi òmòn, terapi medikaman sible oswa imino-terapi. Anpil fwa, plis pase yon kalite tretman nesesè. Tretman an sitou depannde kalite, etap, ak pozisyon kansè kolekteral ou. Chwa tretman ou depannde rezulta tès yo sou selil kansè ou tou, pwoblèm sante ou ta ka genyen, ak chwa pèsonèl ou yo. Doktè ou pral deside ki tretman ki pi bon pou ou.

## Sonje pou poze doktè a kesyon sa yo:

- Ki kalite kansè kolorektal mwen genyen?
- Nan ki etap kansè kolorektal mwen ye, epi kisa sa vle di?
- Ki lòt enfòmasyon ou te aprann sou kansè kolorektal mwen nan rezulta tès mwen yo?
- Èske mwen pral bezwen fè lòt tès?
- Ki tretman ou panse ki pi bon pou kansè kolorektal mwen?
- Ki efè segondè ki posib pou mwen genyen nan tretman an?

## Sa pou espere pandan tretman an

Ekip swen kansè a ap ba ou eksplikasyon sou plan tretman ou. Ekip sa a ka gen ladan diferan doktè, enfimyè, ak lòt travayè swen sante, selon kalite tretman ou bezwen an.

Pa egzanp, pifò moun ki gen kansè kolorektal pral bezwen operasyon. Oswa, o pral travay avèk chirijen ou ak ekip swen kansè ou pou konnen sa pou espere anvan ak apre operasyon an. Kèk moun ki fè operasyon pral bezwen yon ostomi (kolostomi oswa ileyostomi) si gwo entesten oswa ti entesten yo pa travay byen. Yon ostomi se yon ouvèti nan vant lan pou pèmèt poupou pase soti nan kò a. Kèk moun ap bezwen ostomi pandan anpil mwa (pwovizwa), alòske lòt moun yo pral gen ostomi a pou rès lavi yo (pèmanan). Si ou bezwen yon ostomi, se travayè swen sante ki resevwa fòmasyon espesyal ki pral montre ou fason pou pran swen li. Yo pral ede ou jwenn materyèl ou bezwen yo.

Si ou bezwen lòt kalite tretman, doktè ou oswa ekip ou pral eksplike ou fason yo bay tretman an, ede ou pare pou sa, swiv fason ou ye, epitou ede ou avèk nenpòt efè segondè ou genyen. Ou ta ka fè tès san, radyografi, eskanografi nan sèten moman tou pou wè fason tretman an ap travay.

Se pa tout moun k ap swiv tretman pou kansè kolorektal ki pral gen menm efè segondè. Pa egzanp, efè segondè operasyon pa menm avèk efè segondè tretman avèk kimyo, terapi medikaman sible, imino-terapi, oswa tretman avèk radyasyon. Epitou moun ki resevwa menm tretman an ta ka gen efè segondè diferan.

## Sonje pou poze doktè a kesyon sa yo:

- Kisa chwa tretman mwen yo ye? Kisa ou panse ki pi bon pou mwen epi pou kisa?
- Kisa objektif tretman an ye?
- Ki efè segondè mwen ta genyen, epi kisa mwen kapab fè pou yo?
- Èske tretman an pral chanje fason entesten mwen yo travay?
- Èske mwen pral bezwen yon kolostomi oswa ileyostomi? Pou konbyen tan m ap bezwen li?
- Si mwen bezwen yon ostomi, kimoun ki pral montre mwen fason pou pran swen li?
- Si kolostomi oswa ileyostomi mwen pwovizwa, kilè yo pral ranvèse (retire) li epi kimoun ki pral ranvèse li?
- Kijan nou pral konnen si tretman an ap travay?
- Konbyen fwa mwen pral resevwa tretman an, epi konbyen tan l ap dire?
- Ki kote mwen pral resevwa tretman an, epi èske m ap kapab kondi oto?
- Èske mwen pral kapab fè aktivite nòmal mwen yo, tankou travay, egzèsis fizik, ak kontak seksyèl?

## Sa pou espere apre tretman an

Apre tretman an, ekip swen kansè ou pral ede ou kontwole nenpòt efè segondè ou ta toujou genyen. Ou pral gen tès regilye pou tcheke si kansè ou retounen, oswa pou tcheke si yon novo kansè te kòmanse nan yon diferan pati kò ou.

Pou kèk moun, kansè a ta ka pa ale nèt. Yo ta kontinye swiv tretman epi y ap toujou bezwen fè tès pou wè fason tretman an ap travay. Sonje pou fè doktè ou oswa yon moun nan ekip swen sante ou konnen si ou gen efè

segondè ki pa ale apre tretman an oswa si ou gen nenpòt nouvo sentòm.

Ou ta ka pase yon move moman tou pou siviv avèk chanjman yo nan kò ou apre tretman an. Pa egzanp, entesten ou yo ka pa travay menm fason yo te travay anvan. Si ou gen yon kolostomi oswa yon ileyostomi, chèche konnen sa ou kapab fè pou viv avèk li. Kèk moun ki gen sèten kalite operasyon pou kansè kolorektal ka gen pwoblèm seksyèl tou. Pale avèk ekip swen kansè ou konsènan fason pou kontwole pwoblèm ou genyen yo.

Menmsi ou te fin swiv tretman an epi ou ka santi ou byen, li enpòtan pou mande ekip swen kansè ou yon kalandriye regilye pou fè tès siplemantè yo. Tès sa yo ap tcheke pou wè si ou gen nouvo polip oswa si kansè kolorektal ou retounen.

## Sonje pou poze ekip la kesyon sa yo:

- Konbyen fwa m ap bezwen wè ekip swen kansè mwen?
- Èske mwen pral bezwen tès pou wè si kansè a retounen, oswa pou tcheke si gen pwoblèm nan tretman mwen?
- Èske m ap bezwen tès depistaj, tankou yon mamogram pou jwenn lòt kansè komen yo bonè?
- Èske m ap bezwen yon plan siplemantè apre tretman an?
- Èske gen nenpòt efè segondè anreta oswa pou anpil tan mwen ta dwe siveye?
- Kimoun ki kapab ede mwen avèk kesyon mwen genyen yo sou ostomi mwen, si mwen gen youn?
- Kilè epi kijan mwen ta dwe kontakte ekip swen kansè mwen?
- Ki kote ap kapab jwenn dosye medikal mwen yo apre tretman an?

## Fason pou Rete an Sante

Gen kèk bagay ou kapab fè pou kenbe tèt ou an sante pandan ak apre tretman an pou kansè kolorektal. Si ou manje byen, fè egzèsis fizik, ou vin gen ak rete nan yon gwosè ki bon pou sante ou, ou pa fimen, epi ou pa bwè alkòl, sa kapab ede ou Kèk nan bagay sa yo ta ka ede ou

tou bese risk pou gen yon nouvo kansè kolorektal oswa lòt kansè yo tou.

Sonje pou fè tès depistaj pou lòt kalite kansè yo epitou kontinye tcheke pou lòt pwoblèm sante. Pale avèk doktè ou sou fason pou fè tès depistaj la ak plan tès ki bon pou ou..

## Fason pou kontwole santiman ou yo

Lè ou gen kansè kolorektal sa ta ka fè ou santi ou pè, tris, oswa enève. Ou ta ka pase yon move moman tou pou siviv avèk chanjman yo nan kò ou apre tretman an. Li nòmal pou gen sansasyon sa yo, epi gen fason pou ede ou jere yo.

- Pa eseye kontwole santiman ou yo poukout ou. Pale sou santiman ou yo, kèlkeswa sa yo ye.

- Pa gen pwoblèm pou santi ou tris, oswa deprime tanzantan, men kite ekip swen kansè ou konnen si ou gen santiman sa yo pou plis pase yon ti kantite jou.
- Fè aktivite ou renmen yo tankou ale nan sinema, manje dine nan restoran, pase tan deyò, oswa ale nan yon evènman espòtif, si doktè ou di pa gen pwoblèm pou sa.
- Chèche jwenn èd avèk travay tankou kwit manje ak netwayaj.

Ou ta ka vle kontakte zanmi, fanmi, oswa dirijan reliye oswa gwoup reliye. Kèk moun jwenn li itil pou [ale avèk lòt moun ki te pase nan menm pwoblèm yo. Yon gwoup sipò kapab ofri ou sa. Lòt gwoup yo ta ka ede ou jwenn konsèy. Fè ekip swen kansè ou konnen fason ou santi ou. Yo kapab ede ou jwenn sipò kòrèk la.

Pou jwenn enfòmasyon sou kansè, èd ak sipò chak jou, rele Sosyete Ameriken pou Kansè (American Cancer Society) nan nimewo **1-800-227-2345** oswa ale sou sitwèb nou nan **cancer.org/coloncancer**. Nou la lè ou bezwen nou.



cancer.org | 1.800.227.2345

HAITIAN CREOLE  
©2022, American Cancer Society, Inc.  
Nimewo 80816- Rev. 8/22  
[bbb.org/charity](http://bbb.org/charity)

